

Rankont Lengwistik Ayisyen (RLA)

(Version française ci-dessous)

(English version below)

Responsab rankont lan : Moles PAUL (LangSÉ/GRESKA) & Joseph Marcel GEORGES (LangSÉ)

Rankont lengwistik ayisyen an se yon aktivite **Mastè LTD** (Lengwistik teyorik ak deskriptif) **FLA** a (Fakilté Lengwistik Aplike) ki fè pati Inivèsite Leta Ayiti a òganize nan tèt kole ak Laboratwa **LangSÉ** (Langue, Société, Éducation) epi GRESKA (Gwoup Rechèch sou Sans nan Kreyòl Ayisyen) nan lide pou yo envite yon chèchè vin prezante yon sijè ki gen rapò ak yon pwoblematik nan lengwistik ayisyen an ki konsène sentaks, mòfoloji, semantik, fonetik, fonoloji, elatriye. Men tou, nou asepte pwoblematik ki gen pou wè ak lengwistik jeneral. Se yon aktivite ki ap dire 120 minit k ap fèt nan fòm ekspozé epi ap gen entèraksyon ant chèchè a ak patisipan yo. Chèchè a ap gen 60 minit pou li fè ekspozé a epi lòt 60 minit la se ap moman ki rezève pou seyans kesyon /repons yo. Pafwa nou ka envite 2 chèchè vin prezante, lè sa a, yo chak ap gen 30 minit pou fè prezantasyon pa yo a.

Kilè epi kijan aktivite a ap fèt?

L ap fèt an liy sou platfòm Google Meet oubyen Microsoft teams chak dènye vandredi nan mwa yo soti 4è pou rive 6è PM.

Kritè patisipasyon

Pou yon chèchè patisipe nan aktivite sila a, komite a ka voye yon envitasyon pou li. Chèchè a ka pwopozé pou li fè yon prezantasyon tou. Lè l fin resevwa envitasyon an, oubyen depi nou asepte pwopozisyon li a, li ap gen pou li voye sijè rechèch li a bay komite a oswa bay responsab Mastè a ak yon rezime ki montre aklè pwoblematik ki nan sijè a, l ap fè sa pou pi piti yon mwa anvan prezantasyon an. Moun k ap prezante a kapab yon chèchè ki fè non l deja, li pa oblije fè pati yon laboratwa rechèch; konsa tou, li kapab yon doktoran oubyen yon etidyan nan mastè a. Moun ki pa nan Mastè a ki ta renmen swiv ekspozé yo, yo ap jwenn lyen an disponib sou paj Mastè

a (<https://ueh.edu.ht/master-en-linguistique-theorique-et-descriptive-de-la-faculte-de-linguistique-appliquee-fla/>) ak sou tout lòt platfòm nimerik ki gen rapò ak mastè a (<https://www.facebook.com/profile.php?id=61565832689751>). Pou pwopoze yon prezantasyon oubyen resevwa divès anons nou yo, nou kapab voye yon mesaj nan adrès sila a : master.fl@ueh.edu.ht.

Kiyès k ap gen pou anime Rankont sa yo ?

Moun k ap gen pou jere rankont sa yo, se yon manm LangSÉ oubyen yon manm GRESKA ak/oubyen Responsab Mastè a. Moun sa yo kapab chwazi lòt kòlèg pou anime yon seyans oubyen pou jwe wòl moderatè nan yon seyans.

Kondisyon pou animasyon rankont yo fèt:

Moun k ap gen pou jwe wòl moderatè nan chak rankont yo dwe:

- gen bon jan enfòmasyon sou chèchè a.
- konprann sijè a nan tout nivo li.
- pale epi metrize lang entèvenan an oubyen metrize lang li ap gen pou prezante sijè a.
- Entwodui sijè a pandan l ap sèvi ak rechèch entèvenan an fè deja yon mwayen pou prezante li ak enpòtans rechèch li yo genyen nan disiplin l ap evolye a.
- byen òganize moman kote chak moun ap gen pou pran lapawòl nan lè ki te rezève pou entèvenan yo, pou moun nan piblik la k ap fè echanj ak entèvenan yo nan moman seyans kesyon / repons yo.
- anvan rankont lan kòmanse, mande tout patisipan yo pou yo fèmen mikwo yo pandan chèchè a ap fè ekspoze a pou evite gen fidbak.
- anvan seyans kesyon/ repons yo, toujou fè yon rezime sou gran pwent prezantasyon an
- nan fen rankont lan, prezante patisipan yo kalandriye lòt rankont ki ap genyen yo, sijè yo ak entèvenan ki ap gen pou prezante yo.

Pwogram rankont yo

- Vandredi 29 novanm 2024 [4è-6è PM]
Mideline Dragon (SFL, LangSÉ, GRESKA)
Makè konparezon an kreyòl ayisyen
- Vandredi 13 desanm 2024 [4è-6è PM]
Robert Berrouët-Oriol
Essai de taxonomie de la lexicographie créole de 1958 à 2024
- Vandredi 31 janvyè 2025 [4è-6è PM]
Michel DeGraff (MIT)
Ideyoloji rasis yon fanm vanyan anti rasis nan *Le créole haïtien: Morphologie & Syntaxe*, Suzanne Sylvain, premye tèz doktora sou kreyòl Ayiti a
- Vandredi 28 fevriye 2025 [4è-6è PM]
-Mick Robert Arisma (LangSÉ/FLA-UEH)
Ekspresyon afektivite soti nan respè pase nan soumisyon rive sou jouman

-Patrice Kanndèl Edouard (GRESKA/FLA-UEH)
Konprann ikonisite nan lang: Kèk pèspektiv rechèch nan kreyòl ayisyen
- Vandredi 28 mas 2025 [4è-6è PM]
-Junior Fils-René (LangSÉ/FLA-UEH)
Gabaritisation par effacement et par ajout, autour de l'attaque vide en créole haïtien
- Joseph Marcel Georges (LangSÉ/FLA-UEH) & Bizenthé Déraivil
Quelques considérations d'ordre syntaxique dans la traduction en créole haïtien des fables de la Fontaine
- Vandredi 25 avril 2025 [4è-6è PM]
-Guerlande Bien-Aimé (LangSÉ/FLA-UEH)
Enjeux de la normalisation et de la standardisation du créole haïtien dans le système éducatif
-Jacques Pierre (Duke University)
Ansèyman lang kreyòl ayisyen an nan Etazini : istwa, defi, diferan modèl

- Vandredi 30 me 2025 [4è-6è PM]
 -Patricia Cabredo Hofherr (SFL/U. Paris 8)
Trois auxiliaires causatifs en haïtien : fè, bay, kite
 -Renauld Govain (LangSÉ/FLA-UEH)
Nazalizasyon an kreyòl. Ka kreyòl ayisyen, gwadloupeyen, matinikè
- Vandredi 27 jen 2025 [4è-6è PM]
 -Job Silvert (LangSÉ, GRESKA/FLA-UEH)
Pratik oral lang kreyòl ayisyen an nan pwosesis ansèyman-aprantisaj: pwoblèm ak pèspektiv entèsemyotik

 -Martineau Nelson (LangSÉ/FLA-UEH)
Literasi kòm pratik rezo semyotik ayisyen: taktik pawòl ak imaj kreyòl
- Vandredi 18 jiyè 2025 [4è-6è PM]
 -Jean Wilner Louis
Dyalòg ant lang leksikalizant ak lang leksikalize nan pèspektiv 'homolenguism' fondamantal la
 -Moles Paul (LangSÉ, GRESKA/FLA-UEH)
Les valeurs du futur en créole haïtien : entre sémantique et pragmatique

Les Rencontres Linguistiques Haïtiennes (RLH)

Responsables des rencontres : Moles PAUL (LangSÉ/GRESKA) & Joseph Marcel GEORGES (LangSÉ)

Les Rencontres Linguistiques Haïtiennes sont une activité scientifique organisée par le **Master LTD** (Linguistique théorique et descriptive) de la **FLA-UEH** (Faculté de Linguistique Appliquée/Université d'Etat d'Haïti) de concert avec le Laboratoire **LangSÉ** (Langue, Société, Education) et le **GRESKA** (Gwoup Rechèch sou Sans nan Kreyòl Ayisyen) où un.e chercheur.e est invité.e pour y présenter une thématique illustrant une problématique de la linguistique haïtienne relevant des domaines de la syntaxe, morphologie, sémantique, phonétique, phonologie, entre autres. Les problématiques touchant le vaste champ de la linguistique générale sont aussi acceptées. Cette activité est conçue dans un format d'exposé avec échange interactif, d'une durée de deux heures. 60 minutes seront accordées au chercheur/ à la chercheure pour la présentation de son exposé et les 60 minutes restantes seront réservées pour la séance des questions/réponses. Parfois, deux chercheurs.es peuvent y être invités.es. Dans ce cas, 30 minutes seront accordées à chacun.e pour l'exposé.

Où et quand ?

En distanciel, à travers les plateformes en ligne Google Meet et/ou Microsoft teams, chaque dernier vendredi du mois de 4:00 à 6:00 PM.

Comment y participer ?

Pour y participer en tant qu'intervenant.e, le chercheur/la chercheure peut recevoir une invitation de la part du comité. Il/elle peut aussi proposer une présentation. Une fois invité.e ou sa proposition est acceptée, il/elle aura à soumettre au comité/au responsable du master le sujet de sa recherche et un résumé offrant une idée éclairante de la problématique qui y est discutée, au moins un mois avant la présentation. Il peut s'agir d'un.e chercheur.e confirmé.e attaché.e ou pas à un laboratoire de recherche ou d'un.e doctorant.e ou bien d'un.e étudiant.e de notre master. Pour les personnes extérieures à notre master désireuses de participer en tant qu'auditeurs à ces séries d'exposés, les liens seront disponibles sur la page officielle du master

(<https://ueh.edu.ht/master-en-linguistique-theorique-et-descriptive-de-la-faculte-de-linguistique-appliquee-fla/>) ou sur les autres plateformes numériques en lien avec le master (<https://www.facebook.com/profile.php?id=61565832689751>). Pour proposer une présentation ou recevoir nos différentes annonces, vous pouvez nous envoyer un message à l'adresse suivante : master.fl@ueh.edu.ht.

Qui anime ces rencontres ?

Un membre du LangSÉ ou un membre de GRESKA et le Responsable du Master planifient et gèrent ces rencontres. Ils peuvent également désigner d'autres collègues pour assurer l'animation et la modération d'une séance quelconque.

Modalités d'animation des rencontres

La personne assignée à la tâche de modérateur/trice pour chacune des rencontres doit :

- disposer d'informations pertinentes sur l'intervenant.e.
- avoir au préalable une compréhension globale sur le sujet.
- connaître ou maîtriser la langue de l'intervenant.e ou la langue dans laquelle il/elle a choisi de faire de sa présentation.
- introduire le sujet en présentant l'intervenant.e sur la base de ses recherches et de sa place dans le champ disciplinaire dans lequel il évolue.
- organiser les tours de parole en fonction des minutes chronométrées imparties à l'intervenant.e et aux personnes dans l'auditoire qui interagissent avec l'intervenant.e au moment de la séance des questions/réponses.
- demander aux participants.es, avant l'entame de la rencontre, de garder fermé leur micro au moment de l'exposé en vue d'éviter tout effet sonore nuisible.
- toujours faire un rappel des grandes lignes de la présentation, avant de lancer la séance des questions/réponses.

-annoncer à la fin au public participant, à partir du calendrier des rencontres, les sujets et les intervenants.es retenus.es pour les prochaines rencontres.

Programme des rencontres

- Vendredi 29 novembre 2024 [4h-6h PM]
Mideline Dragon (SFL, LangSÉ, GRESKA)
Makè konparezon an kreyòl ayisyen
- Vendredi 13 décembre 2024 [4h-6h PM]
Robert Berrouët-Oriol
Essai de taxonomie de la lexicographie créole de 1958 à 2024
- Vendredi 31 janvier 2025 [4h-6h PM]
Michel DeGraff (MIT)
Ideyoloji rasis yon fanm vanyan anti rasis nan *Le créole haïtien: Morphologie & Syntaxe*, Suzanne Sylvain, premye tèz doktora sou kreyòl Ayiti a
- Vendredi 28 février 2025 [4h-6h PM]
-Mick Robert Arisma (LangSÉ/FLA-UEH)
Ekspresyon afektivite soti nan respè pase nan soumisyon rive sou jouman

-Patrice Kanndèl Edouard (GRESKA/FLA-UEH)
Konprann ikonisite nan lang: Kèk pèspektiv rechèch nan kreyòl ayisyen
- Vendredi 28 mars 2025 [4h-6h PM]
-Junior Fils-René (LangSÉ/FLA-UEH)
Gabaritisation par effacement et par ajout, autour de l'attaque vide en créole haïtien
- Joseph Marcel Georges (LangSÉ/FLA-UEH) & Bizenthé Déravil
Quelques considérations d'ordre syntaxique dans la traduction en créole haïtien des fables de la Fontaine
- Vendredi 25 avril 2025 [4h-6h PM]
-Guerlande Bien-Aimé (LangSÉ/FLA-UEH)

Enjeux de la normalisation et de la standardisation du créole haïtien dans le système éducatif

-Jacques Pierre (Duke University)

Ansèyman lang kreyòl ayisyen an nan Etazini : istwa, defi, diferan modèl

- Vendredi 30 mai 2025 [4h-6h PM]

-Patricia Cabredo Hofherr (SFL/U. Paris 8)

Trois auxiliaires causatifs en haïtien : fè, bay, kite

-Renauld Govain (LangSÉ/FLA-UEH)

Nazalizasyon an kreyòl. Ka kreyòl ayisyen, gwadloupeyen, matinikè

- Vendredi 27 juin 2025 [4h-6h PM]

-Job Silvert (LangSÉ, GRESKA/FLA-UEH)

Pratik oral lang kreyòl ayisyen an nan pwosesis ansèyman-aprantisaj: pwoblèm ak pèspektiv entèsemyotik

-Martineau Nelson (LangSÉ/FLA-UEH)

Literasi kòm pratik rezo semyotik ayisyen: taktik pawòl ak imaj kreyòl

- Vendredi 18 juillet 2025 [4h-6h PM]

-Jean Wilner Louis

Dyalòg ant lang leksikalizant ak lang leksikalize nan pèspektiv 'homolenguism' fondamantal la

-Moles Paul (LangSÉ, GRESKA/FLA-UEH)

Les valeurs du futur en créole haïtien : entre sémantique et pragmatique

Haitian Linguistics Meetings (HLM)

Organizers of the Meetings: Moles PAUL (LangSÉ/GRESKA) & Joseph Marcel GEORGES (LangSÉ)

The Haitian Linguistics Meetings is a scientific activity organized by the **Master TDL** (Thoretical and descriptive Linguistics) of **FLA-UEH** (Faculté de Linguistique Appliquée/Université d'Etat d'Haïti) in conjunction with the Laboratory **LangSÉ** (Langue, Société, Education) and **GRESKA** (Gwoup Rechèch sou Sans nan Kreyòl Ayisyen), where a researcher is invited to present a theme illustrating a problem in Haitian linguistics in the fields of syntax, morphology, semantics, phonetics, phonology and others. Issues relating to the broad field of general linguistics are also accepted. This activity is designed as a presentation with interactive exchange, lasting two hours. 60 minutes will be allotted to the researcher's presentation, and the remaining 60 minutes will be reserved for questions and answers. In some cases, two researchers may be invited. In this case, 30 minutes will be allotted to each researcher for his/her presentation.

Where and when?

Online, via Google Meet and/or Microsoft teams, every last Friday of the month from 4:00 to 6:00 PM.

How to participate?

To participate as a speaker, the researcher can receive an invitation from the committee. He/she may also propose a presentation. Once invited, or if the proposal is accepted, the researcher is required to submit the subject of his/her research and a summary providing a clear idea of the issues to be discussed, at least one month before the presentation. The applicant may be an established researcher attached to a research laboratory or not, a doctoral student or a student in our Master's program. For people outside our master's program who would like to take part in these lecture series as listeners, links will be available on the official master's page.

(<https://ueh.edu.ht/master-en-linguistique-theorique-et-descriptive-de-la-faculte-de-linguistique->

[appliquee-fla/](#)) or on other digital platforms related to the master's course (<https://www.facebook.com/profile.php?id=61565832689751>). To submit a presentation or receive our various announcements, please send us a message to the following email address: master fla@ueh.edu.ht.

Who runs these meetings?

A member of LangSÉ or a member of GRESKA and the Master's Manager plan and manage these meetings. They may also appoint other colleagues to lead and moderate any given session.

Meeting moderation procedures

The person assigned to moderate each meeting must:

- have relevant information about the speaker.
- have a general understanding of the subject.
- know or master the speaker's language or the language in which he/she has chosen to make his/her presentation.
- introduce the subject by presenting the speaker on the basis of his/her research and his/her place in the disciplinary field in which he/she evolves.
- organize speaking turns according to the timed minutes allotted to the speaker and to the people in the audience who will be interacting with the speaker during the Q&A session.
- before the meeting begins, ask participants to keep their microphones closed during the presentation, to avoid any harmful sound effects.
- always remind participants of the main points of the presentation before starting the question-and-answer session.
- at the end of the session, announce to the audience the topics and speakers selected for future meetings, based on the meeting calendar.

Meeting Schedule

- Friday, November 29, 2024 [4:00-6:00 PM]
Mideline Dragon (SFL, LangSÉ, GRESKA)
Makè konparezon an kreyòl ayisyen
- Friday, December 13, 2024 [4:00-6:00 PM]
Robert Berrouët-Oriol
Essai de taxonomie de la lexicographie créole de 1958 à 2024
- Friday, January 31, 2025 [4:00-6:00 PM]
Michel DeGraff (MIT)
Ideyoloji rasis yon fanm vanyan anti rasis nan *Le créole haïtien: Morphologie & Syntaxe*, Suzanne Sylvain, premye tèz doktora sou kreyòl Ayiti a
- Friday, February 28, 2025 [4:00-6:00 PM]
-Mick Robert Arisma (LangSÉ/FLA-UEH)
Ekspresyon afektivite soti nan respè pase nan soumisyon rive sou jouman

-Patrice Kanndèl Edouard (GRESKA/FLA-UEH)
Konprann ikonisite nan lang: Kèk pèspektiv rechèch nan kreyòl ayisyen
- Friday, March 28, 2025 [4:00-6:00 PM]
-Junior Fils-René (LangSÉ/FLA-UEH)
Gabaritisation par effacement et par ajout, autour de l'attaque vide en créole haïtien
- Joseph Marcel Georges (LangSÉ/FLA-UEH) & Bizenthé Déravil
Quelques considérations d'ordre syntaxique dans la traduction en créole haïtien des fables de la Fontaine
- Friday, April 25, 2025 [4:00-6:00 PM]
-Guerlande Bien-Aimé (LangSÉ/FLA-UEH)
Enjeux de la normalisation et de la standardisation du créole haïtien dans le système éducatif
-Jacques Pierre (Duke University)
Ansèyman lang kreyòl ayisyen an nan Etazini : istwa, defi, diferan modèl

- Friday, May 30, 2025 [4:00-6:00 PM]
 -Patricia Cabredo Hofherr (SFL/U. Paris 8)
Trois auxiliaires causatifs en haïtien : fè, bay, kite
 -Renauld Govain (LangSÉ/FLA-UEH)
Nazalizasyon an kreyòl. Ka kreyòl ayisyen, gwadloupeyen, matinikè
- Friday, June 27, 2025 [4:00-6:00 PM]
 -Job Silvert (LangSÉ, GRESKA/FLA-UEH)
Pratik oral lang kreyòl ayisyen an nan pwosesis ansèyman-aprantisaj: pwoblèm ak pèspektiv entèsemyotik

 -Martineau Nelson (LangSÉ/FLA-UEH)
Literasi kòm pratik rezo semyotik ayisyen: taktik pawòl ak imaj kreyòl
- Friday, July 18, 2025 [4:00-6:00 PM]
 -Jean Wilner Louis
Dyalòg ant lang leksikalizant ak lang leksikalize nan pèspektiv 'homolenguism' fondamantal la
 -Moles Paul (LangSÉ, GRESKA/FLA-UEH)
Les valeurs du futur en créole haïtien : entre sémantique et pragmatique



UNIVERSITE
D'ETAT D'HAITI

